Kreyòl Ayisyen | Haitian Creole

NYC Consumer and Worker Protection

Ede pou dèt etidyan ki pa yon magouy.

Vil Nouyòk ofri 2 fason ou ka jwenn konsèy **gratis, konfidansyèl, pèsonalize** pou bese peman prè etidyan ou yo.

Pa gen okenn kondisyon kache. Pa gen frè sipriz pita. Nou kenbe enfòmasyon ou an sekirite epi nou pap janm vann li.

1. ANLIY

Atravè patenarya nou ak Summer, yon platfòm anliy, ou ka jwenn pwogram federal ak pwogram eta gratis pou diminye peman mansyèl prè etidyan yo.

Pou kalifye, ou dwe viv nan NYC oswa travay pou Vil Nouyòk.

Èske ou se yon rezidan NYC?

Vizite **nyc.gov/StudentLoans** oswa eskane kòd QR inik ou a:

Èske ou se yon anplwaye Vil Nouyòk?

Vizite **nyc.gov/StudentLoans** oswa eskane kòd QR inik ou a:

2. AN PÈSÒN OSWA PA TELEFÒN

Atravè Sant Otonomi Finansye NYC nou yo, ou ka travay ak yon konseye finansye pou jere prè etidyan ou ansanm ak lòt depans ak dèt ou yo.

Pou kalifye, ou dwe gen omwen 18 an epi viv oswa travay nan NYC.

Pou pran yon randevou:

- Vizite **nyc.gov/TalkMoney** oswa eskane kòd QR la.
- Rele **311** epi di “Konsèy Finansye”

Fè atansyon ak magouy prè etidyan.
Ou PA JANM bezwen peye pou pwogram federal ak pwogram eta gratis, tankou padon prè. Si ou se viktim yon magouy, depoze yon plent anliy nan **nyc.gov/StudentLoans**.